

ASIRANS CHOMAJ Detèminasyon Avantaj Lajan

Dat yo Poste l:	/ /
# Sekirite Sosyal:	- -
Dat Efektif/Kòmansman Reklamasyon an:	/ /
Dat Finisman Ane Avantaj:	/ /
Dat Avantaj Chak Semèn:	

Kenbe Avi Sa a Pou Dosye Ou.

Pou kisa mwen te resevwa avi sa a?

Avi sa a fè ou konnen enfòmasyon konsènan travay ak salè nou gen nan dosye pou ou nan Eta New York. Tanpri revize enfòmasyon yo pou asire yo kòrèk.

Dosye nou montre ou pa satisfè salè ki obligatwa pou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj avèk swa Peryòd Bazik la oswa Peryòd Debaz Altène a. Tanpri gade Apendis ou jwenn nan oswa tiliv enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon pou jwenn plis enfòmasyon sou Peryòd Bazik ak Peryòd Debaz Altène.

Si enfòmasyon ki anba la yo pa kòrèk, tanpri ranpli fòm "Demann pou Re-konsiderasyon an epi voye li ban nou (fòm nan anedan anvlòp la). Ou kapab jwenn fòm sa a tou sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov oswa padèyè tiliv enfòmasyon ou pou moun ki fè reklamasyon.

Si ou soumèt fòm Demann pou Re-konsiderasyon an, kontinye reklame avantaj yo pou chak semèn ou nan chomaj.

- Ale sou entènèt nan sitwèb www.labor.ny.gov. Klike sou "Individuals," answit klike sou "Claim Weekly Benefits" anba tit "Unemployment."
- Rele Tel-Service nan nimewo 1-888-581-5812

Pou kisa ou pa kalifye pou avantaj Asirans Chomaj

Ou dwe satisfè kondisyon espesyal ki baze sou salè pou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Kaz ki koche anba la yo ap fè ou konnen ki kondisyon (yo) ou pa satisfè.

Ou Pa Satisfè Kondisyon

Ou pa t travay epi ou pa t touche salè nan omwen de (2) trimès almannak peryòd debaz ou.

Ou pa t touche omwen \$2,100 oswa \$2,200 dola nan salè nan youn nan trimès almannak peryòd debaz ou. Chanje de \$2,100 a \$2,200 nan 1/1/2018.

Salè total pou peryòd debaz ou pi piti pase 1½ fwa salè total pou pi gwo salè ou touche pa trimès nan peryòd debaz ou.

Pi Gwo Salè pa Trimès = _____
X 1.5 = _____ (1½ fwa pi Gwo Salè pa Trimès ou)

Si pi gwo salè pa trimès almannak ou pi plis pase \$9,460 oswa \$9,900 dola, salè total ou nan lòt trimès peryòd debaz la dwe egal a omwen \$4,730 oswa \$4,950 dola. Chanje de \$9,460 a \$9,900 nan premye lendi mwa oktòb 2018.

Peryòd Bazik/Peryòd Debaz Altène Tanpri revize dosye patwon ak salè nou gen nan dosye pou ou (anba la a)

NON PATWON AN	TRIMÈS Debaz Bazik	TRIMÈS Debaz Bazik	TRIMÈS Debaz Bazik	TRIMÈS Debaz Bazik	TRIMÈS Debaz Altène	SALÈ TOTAL PERYÒD DEBAZ
SALÈ TOTAL PERYÒD DEBAZ						
SALÈ TOTAL PERYÒD DEBAZ ALTÈNE						

Èske se ou rapòte tout enfòmasyon yo sou salè ou kòrèkteman? Si ou pa fè sa, gade Apendis ou jwenn nan pou ede ou.

Si ou gen kesyon sou avi sa a, rele nimewo 1-888-209-8124.

Pou lòt enfòmasyon ale sou sitwèb nou: <http://labor.ny.gov/unemploymentassistance.shtm>

Pou jwenn èd, revize tiliv enfòmasyon moun ki fè reklamasyon ou.